

Recept²

E
R
E
R
C
E
E
E

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasna: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielenhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

TOKO DJOEN & Co.

TELEFOON No. 374.

PATJINAN — DJOCJA.

KITA POENJA ROTIE JANG DIE
TOEMBOOK PAKEE

KNEEDMACHINE

DENGAN TENAGANJA

ELECTRISCH

TENTOE PALING

DJEMPOL

SILAHKEN BIKIN PERTJOBAÄN

Memoedijken dengen hormat

DJOEN & Co.

bakipoen asli ngrikoe. Rampoeng poerdrah ngeudekoeken pisoeengseng saking sadérék Katholieek ing rikoe awarni retjanipoen Santo Joesoep. Pantjénipoen taksih wonten ingkang bade poerdrab malih, nanging wanjtjipoen sampoen boten wonten.

Kinten - kinten djam 12 para tamoe ka-koeng poetri sampoen sami kondoor. Goeroe missie ing ngrikoe riboet anggènipoen mangsoel - mangsoelakan barang - barang.

Malempoen Minggo tanggal kaping 16 Mei 1931 dados let kalih daloing Grédja waao dipoenenggali kangge mbaptis laré 4 (Grédja waao kaswoenoen pangajoman St. Stephanus) Ingkang mbaptis Rama Pastor Manesse. Rampoeng pambaptispoen, laré 4 waao kaarak mawi obor. Ingkang nengganu goeroe - goeroe missie ing rikoe, tjiang Katholieek ing rikoe lan tjiang sanés boten kirang saking tjiang 80. Rampoeng arak-arakan kepoenagaan Ambengipoen mawi kabehaan déning Rama Pastor.

Koela namoeng ndérékaken amin.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

Konggrès ageng Mohammad
Dijah*

wonten Mataram.

I

Wiwit tanggal 8-16 Mei 1931, pakempalan Mohammad Dijah ngawontenaken konggrès ingkang kaping 20, ing aloen². Lér ingkang iring Kilèn dipoenengbengi grijiga-grijiga, kangge papan parepatan, papan tentoonstelling iss. Palataran wijar ingkang ingoebengan grijiga waao, kangge papan bal-balansalebetipoen wonten konggrès.

Receptie.

Malem Djoemoewah 8/9 Mei kawontenaken resèpsi. Ingkang dateng boten kirang saking 1000, kalebet wakil-wakil pers, poelisan pakem-palan³, toewin otoesan² saking poendi-poendi: Soematra, Celebes, Borneo, Madoera iss. Swara Tama dipoenwakili redaktoer kita sadérék Dwidjasaraja.

Pitoeloengen dateng konggrès.

Ingkang tandang damel amrih saéning konggrès manoet pratélanipoen Hoofdcomité, wonten ± tjiang 700. Ngarsa dalem amaringaken kagoengan dalem aloen-aloen kangge adjanging konggrès kanti lalahanan. Toewan de Bruyn mitoeloengi njebarakken wara² konggrès saking montor maboer. Kadjawi poenika pikantoek pasoembang saking groep-groep M. D. ing Ngajodja awarni: maesa 1, lemboe 1, menda 19, ajam 40, tigan 900, kadjeng bong 20 grobag, wos 35 datjin, pi-sang 100 toendoen, areng 24 krandjang, gendis pasir 5 datjin, klapa 1.200, deling 3 grobag iss. Pasoembang arta inggih pikantoek (manoet katrangan ing parepatan éndjingipoen boten kirang saking f 1000).

Daloe waoe ingkang wigatos soorahipoen Kjai Hadikoesoema, soeraoipoen kenging karingkes:

1e. wiwit roemijn mila M. D. angadjengi soebtsi.

2e. kamadjengan Zending lan Missie ing Mataran poenika oegi

* Kala minggoe kapengker margi sesak boten kapatjak. Red.

Mangga moempoeng mirah mekaten.

Sepiritus kangge lampoe, 94%; sa-blèg à 18 liter F 3.50. Schellak, garing, 1 Kilo 2.75. Caurticsoda, sa-drum à 50 kilo 11.50. Copallak; sa-blèg à 10 kilo 12.50. Zinkwit Maastricht, zegel abrit; sa-tong à 50 kilo " 23.—. " " " " " 25.—.

Kedjawi poenika: idjem cromaat sepoeh, djené cromata nem, ch. z. loodenre, ijzermenie mawi ijzeroxide 85 doemoegi 90%, oker djené lan sawo mateng, tjemeng Zweden, drie-bandzwart, sikat-sikat, penoeli-penoeli, séla kambang Eropah, rempelas dlantjang iss.

Ngoentoengaken sanget kangge para Aannemer lan para kilak.

Verffabriek R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75. Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoor; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

ateses madjengipoen M. D., awit oeger wonten actie mesti wonten reactie. Kamadjenganing Missie lan Zending poenika moegi dadasa panggoegahing sadérék Islam samia sengkoet andjembaraken agaminipoen.

3e. Ing kalangan Hoofdbestuur pantjén boten wonten warganipoen intelectueelen wedalan Nederland, mila dipoenadjeng-adjeng moegi ka-oem intelectueelen samia tandang damel ing M. D. dados warga Hoofdbestuur iss.

4e. M. D. déde pakempalan politik. Warga-warganipoen dipoenaksadeng kenging mlebet pakempalan politik poenapa kémawon. Margi makaten waoe, tetep boten wonten pakewedipoen manawi kaoem terpelajar anggeboer wonten M. D.

5e. Gandeng kalijan wara-wara konggrès mawi gambar pangéran Dipanagara djoemenen anoeingdi masjid, dipointeranggangaken, pandamelanipoen pangéran Dipanagara poenika katah sanget. Ingkang dipenpendet soepangatipoen ing M. D. i.p., pakarjanipoen ingkang mengkoe teges: "Ajo pada menjang mesdjid, salat, karebèn begdjel!"

Wakil-wakil pakempalan sanés ingkang toemoet mangajoebagja konggrès M. D. i.p. R.T. Nitinagara wakil B.O.: pangéran Soerjadiningsrat wakil P.K.N.; Ki Adjir Déwanta wakil Taman Siswa; dr. Soedjawadi; sarta wakil saking Moeda Kristen Djawi (pakempalanipoen néneman Djawi Protestant).

Bikakan Tentoontelling.

Kabikak ing diaten Setoe éndjing 9 Mei. Ingkang kapitonanen dadamelanipoen warga 'Aisijah, sarta babadan-babadan sanésipoen ing salebetipoen M. Dijah. Sadérék Thamrin warga Volksraad ingkang leresipoen sosorah babagan Economie boten saged dateng, ladjeng dipoin-gentosi sad. Tjitrosoewarno.

Parepatan oemoem kapisan.

Malem Ngahad 9/10 Mei. Ingkang dateng langkoeng katah, wonten antawisipoen 2000 — 3000. Papan konggrès dipointeranggangaken luidsprekter (pirantos kangge ambantasaken swanten). Tilgram lan serat pangajebaga katah sanget, kadosta saking Ngajogjakarta, R.A.A. Wiranata-koesoema, Centraal Bestuur P.B.I. ing Soerabaja iss.

Openingsrede - nipoen pangarsa Kjai H. Ibrahim soeraoipoen ne-nangi dateng karoekoenan, awit manawi taksih wonten débat, pangolok-lolok, pangapoes, Islam boten badé kalimahan madjeng. — "Ke-madjean Islam beloem bisa tertjapai selamanja masih ada debat-debat, tjetjati-tjetjiani dan tipoe-tipoean. —

Hadj H. Hasim damel wawasan kamadjenganing Islam sadonja sarta Mohammad Djah. — Koela pendek soeraoipoen, pamedar sabda anerangaken kanti pandjang kamadjeng-ning Islam ingkang pinanggih ing Eropa lan Azia. Kamadjeng waoe

wonten koekoeban onderwijs, economie lan politiek. Samanten oege Indonesia Islam inggih madjeng katitik saking mradjaking serat-serat kabar Islam, lan katahing pakem-palan-pakem-palan Islam. Jong Islamiëtien Bond inggih katingal madjeng, tjabangipoen boten kirang saking 41.

Nanging inggih katah prakawis-prakawis ingkang adamel soesahing djagad Islam, kadosta lalampahan ing Palestina; ing Marokko iss. Malah mitoeroet pawartos, ing Barber, oemati Islam ingkang katahipoen 7000.000 dipointerahak wewenang-ipoen, déning Prantjis, boten kenging damel mesdjid iss., kapeksa mlebet agami Kristen. Ing Sw. Oemoem wonten kritik-kritik dateng Islam iss.

Gandeng kalijan kritis-kritis bab wajoeh ing Pertandaan Zaman (koran Protestant) ingkang nerangaken manawi sagrija wonten ratoenipoen tiga, poenapa boten badé pasoelajan, — pamedar sabda amangsoeli, ingkang oengelipoen kirang langkoeng makaten: "... mereka diwadibukan dalam agama Kristen tertoehan lebih dari satoe. Manakah jang lebih mengherankan, berlaki lebih dari satoe, ataukah bertoehan lebih dari satoe?" . . . (Prakawis oetjap "Allah lebih dari satoe" poenika, margi pikantoek pepenget saking Ass. Resident, wonten parepatan tjdakipoen dipointerahakken boten nedya damel sak seriking golongan sanés. — A.S.D.)

Piwingipoen dateng para ingkang njaroedjoeki monogamie, soepados sageda sami amoektekaken itjaling palanjahan, lampah ngiwa, idjab boten sah iss. Dateng ingkang pro wajoeh, dipointerada soepados anggènipoen wajoeh waoe kangge mitoeroeti hawa nafsoenipoen.

Toemrap prakawis Regent Krisiten, M. D. gadah pamanggih mangsa bodo. Namoeng kémawon M. D. neda soepados regeering boten anjampoeri prakawis ingkang mligi babagan agami. Manawi regent Kristen poenika pantjén karsanipoen nagari temen katetepaken daradjad mligi kaprijantoonan, bok inggih ladjeng misoeda tjiang Kristen dados pangolew.

M. D. neda soewakipoen go-roe-ordonantie babar pisan. Éwah-éwahan ingkang sapoenika sasat tanpa teges toemrap M. D.

Tjetjahing tjabang M. D. sapoenika sampoen 284, wonten th. Djawi lan Madoera 194, Sumatra 58, Celebes 23, Borneo 7, Bali 1, Timor 1. Tjetjahing sakolahan M. D. kala taoen kapengker mindak 140. Afd. P. K. O. gadah grijah jatim kangge laré éstri, lan sakedap engkas madeg kangge laré djaler, kали-kalipoien doemoenoeng ing Ngajodja. Katjarisosaken katah panenoentoen M. D. ingkang dipointerahakken selamanja masih ada debat-debat, tjetjati-tjetjiani dan tipoe-tipoean. —

Hadji H. Hasim damel wawasan kamadjenganing Islam sadonja sarta Mohammad Djah. — Koela pendek soeraoipoen, pamedar sabda anerangaken kanti pandjang kamadjeng-ning Islam ingkang pinanggih ing Eropa lan Azia. Kamadjeng waoe

R. Hadji Wadjid njarijosaken loe-hoer lan koewasanipoen Islam djajam roemijn ingkang dangoe-dangoe ladjeng saja kasilep, nanging sapoenika wiwit goemrégah malih. Moendoer lan itjaling pangawasa Islam poenika margi pitenahing mengsaah-mengsahipoen, mawi gelar mawarni-warni. Margi adjenging kawroehipoen bangsa Kilèn, oemati Islam ladjeng gilapen njembah-njembah Kilèn. Laré-laré ingkang mlebet ing sakolahanipoen bangsa Kilèn waoe ladjeng éwah sadaja-sadajainipoen, dalasan agamanipoen inggih itjal. Sakolahan-sakolahan waoe sasat angrisak agami, angrisak bangsa.

Konggrès moerid.

Dawah ing dinten Ngahad 10 Mei. Moerid-moerid M. D. sami ngatingalakan kasagedanipoen soso-ran basa Djawi, Mlajoe, Wlandi toewin Arab, kidoengan iss.

Konggrès 'Aisijah.

Bakda konggrès moerid, Mohammad Dijah afd. 'Aisijah damel parapatan oemoem dipointerahakken Sitti Moendjiah. Papan pers toewin wakil politie dipointerahakken alingi tobir, dados sasat kapisah kalijan ingkang sami konggrès. Swantening spreksters katah ingkang boten jteta dipointerahaken.

Openingsrede pangarsa anggoe-gah dateng karoekoenan. Sitti Hajinah, damel wawasan kamadjeng-anipoen wanita Islam ing sadonja. Dipointerahakken perloe sangat laré-laré éstri kagoela-wentah tja-ra Islam. Pamedar sabda oegi ngge-pok babajainipoen ketoprak, sarta anggetoeni déné katah laré-laré Islam ingkang mlebet ing sakolahan Kristen. Katjarisosaken: 'Aisijah nge-degaken Taman-Poestaka.

Sadérék Sitti Zainab Damirinangandaraken inggilang dradjad wanita wonten ing Islam. Pamanggihipoen: manawi wanita nedyai sami babar pisan kalijan prija, poenika boten mikantoek dateng golongan wanita. Kalih-kalihipoen gadah koekoeban pijambak-pijambak.

Lotre ageng

Sinten poetoes? Dinten Slasa wiwit kagebagl Lot ingkang kagebagl dinten waoe da-wah nomer:

f 10.000,- no: 129919; 162534; 102777;

f 5.000. no: 13581; 148270; 6254;

f 1.000. no: 160481 188621

53733 42431 170658 34677 30854

194323 193879 188466 152456

120794 115133

KABAR KATHOLIEK.

BORNEO INGRIS LÈR.

Jesselton (BORNEO INGRIS LÈR) sampaen angsal wihara Soester - pingidan ingkang sapisan. Soester-pingidan ingkang tjakal bakal wonten ing Jesselton waoe, saking gotrah Carmeliet, asli saking Sepanjol; tjatjahipoen: ingkang sampaen prasetya langgeng 6; lan ingkang taksih novice, 1.

[Soester - pingidan (Slotnonnen) poenika Soester, ingkang manœt pranatanan gotrahipoen boten kening medal saking tjepoerining wihara].

Pandjenanganipoen Mgr. A. Wachter, Pref. Apostolik ing Borneo-Lèr, nalika mèngeti datengipoen para Soester - pingidan waoe mawikawedal makaten: " . . . Margi saking sembahjang lan koerbanipoen moerid - moeridipoen St. Theresia Agoeng poenika, Borneo, ingkang taksih boten tata, tampi barkah boten baèn - baèn."

Mila inggih makaten, wihara ingkang kados makaten poenika katingalipoen boten nandoekaken aksi sociaal, nanging sadjanipoen langkoeng moerakabi kalijan ingkang katingalipoen soengsang baliik, mbanting raga.

TIONGKOK.

Grija sakit Katoelik kalih angsal pris nomer 1 lan nomer 3. Dérèng lami ing Hongkong dipoenwonten stemming kanggé moetoesi, grija sakit poendi ingkang dipoenadjengi piójambang ing ra'iat. Angsal-angsalanipoen stemming waoe kados makaten:

1. Grija sakit Katoelik, St. Paoloes, ingkang katjepeng ing Soester go-trah St. Paul de Chartres, angsal 19.351.

2. Grija sakit Tiong Hwa (Tung Wah) angsal 15.471.

3. Grija sakit Katoelik, Canossa, katjepeng ing Soester gotrah Clossenian 12.694.

Leres stemming waoe boten kawenteaken déning negari, nanging ta nélakaken, sapinten anggénipoen ra'iat ngaosi dateng panggarapipoen para Soester.

AFRIKA.

Oeganda angsal organisatie: "Aksi Katoelik." Mawi idinipoen Delegaat Apostolis ing Oeganda organisasi, aksi Katoelik sampaen saged madeg. St. Pangajoman i. p. para Martir Oeganda. Ing poendi-poendi tjéblok missie (missiepost) dipoenwonten tjabang. Saben woelan ngwontenaken parepatan. Saben taoen sami ngintoenkaken otoesan wonten ing ngarsanipoen K. Vicaris Apostolis, perloe ngrembag prakawis-prakawis ingkang wonten ing gegebenganiipoen pangoewasa centraal. Organipoen "Munno" mawi basa pribomei. Crexcat et floreat!

ITALI.

Goesti Jésoes ngatingali. Kala Désember ingkang kapengker poenika, Goesti Jésoes kabaripoen sampaen ngatingali wonten ing Grédja St. Silvester ing kita Canfanaro (Istrië) dateng tjiang katah. Pasamoewan Soetji ladjeng niti priksa. Sasamponipoen lalampahan poenika kasetékaken kanti sabar lan tapis, poenapa déné seks-secsi kadangoe, poetoesan sampaenika sampaen kada-wahaken. Ing poetoesan waoe wonten oengel - oengelan makaten: "Kakatonan kang disipati ing wong akéh toer pada sanalika, apa déné wong - wong maoe kabéh pada pangangen-angené lan saréh banget, nganti mokal, jén wong-wong maoe kasambéta ing daja lija; kekatonan kang mangkono ikoe ora kena diranai gawéané si pangangen-angen."

Ing Canfanaro sampaenika sampaen tjawis-tjawis badé mèngeti lalam-pahan poenika ageng-agengan.

VATICAAN.

Secretaris-generaalipoen Volkenbond wonten ing Vaticaan. K. S. Bapa sampaen nampi tamoe ing auditientie partikelir, Sir Eeric Drummond, secretaris-generaal-ipoen Volkenbond.

Aksi Katoelik Itali dipoenréntjangi ing K. S. Bapa. Pers Itali (fascistisch) sami nggroendeli aksi Katoelik anggénipoen ngambah kalangan sozial-politiek.

K. S. Bapa boten namoeng boten nglepataken tradjang kados makaten poenika, malah sampaen kersa ngaoebi. Wonten ing sangadjenging warga pangreh Aksi Katoelik, tjatjahipoen ± 400. K. S. Bapa ngandikakken Aksi K. ngambah kalangan sozial-politiek poenika kenging, malah kedah lan boten wonten ingkang saged njoelihi. Awit prakawis-sociaal, langkoeng - langkoeng prakawis pandamelan (arbeid) poenika boten mligi prakawis ekonomi lan wadag - wadagan, nanging nggepok sanget bab kasoesilan lan kabatosan. Mangka manœt karsanipoen Ingkang ijasa, Pasamoewan Soetji kedah noeloengi dateng sadaja tjiang. Milanipoen Aksi K. boten namoeng saleresipoen toewin mitoeroet wajib, jén ngambah kalangan waoe, malah jén boten ngambah, boten wonten ingkang saged njoelihi.

Radio-toestel kasebaraken. K. S. Bapa samoen melingaken radio-toestel katab. Radio-toestel poenika badé kaedoem dateng sadaja wawa-kiling diplomatik Vaticaan lan para Kardinaal-Maha-Biskop. Kardinaal-staatssecretaris badé netepaken wan-tjinipoen njawisaken toestel waoe kanggé nampi tilgram-tilgram saking Vaticaan.

K. S. Bapa medar sabda ing sa-nagdjengipoen poera 80.000 kaoem berah. Tanggal 15 Mei (dinten oe-moeripoen nawala "Rerum Novarum," djangkep kawandasa taoen) wonten tjiang djaler-estri kaoem berah ± 80.000, saking tanah man-ting 22 sami nglempak ing aloen-aloen St. Damasoës, perloe mireng-aken pamedar sabdanipoen K. S. Bapa. Lan K. S. Bapa inggih sampaen kalampahan medar sabda; dangoe-nipoen langkoeng sa-djam; pangandikanipoen tjeta-doemeling; roem-jinipoen mawi basa Itali, ladjeng Prasman lan Djerman. Pangandikanipoen ngewrat tjekakaning Nawa.

INDONESIA.

Retrét ing bang Wétan. Ing salebeting woelan Djoeni ngadjeng poenika ing Malang badé wonten retrate nganggé basa Djawi sarta kadawahaken tanggal 25, 26 toewin 27 Djoeni. Panggénanipoen wonten ing internat Smeroestraat. Dén ingkang badé noentoenten pandjenengipoen Rama v. Driessche saking Ngajodja. Dados, larapiopoen retrate poenika badé saged saé wohipoen, amargi sinten ingkang déring naté mireng pandjeneng-anipoen Rama waoe? Pramila mangga para sadérèk, samia kersa toemoeet retrate poenika. Bab goena-nipoen retrate poenika kados boten soesal koela atoeraken. Djer pandjenengen sadaja sampaen manger-tos. Déne prijantoon ingkang badé toemoet, koela atoeri ngatoeri serat dateng Rama Stultiëns Pastorie Malang. Sarta rawoeh pandjenengen kaadjeng-adjeng wonten tanggal 24 sotent lat-latipoen djam 7 sotent; margi Retrate ladjeng kawiwitan. Bab wragad karembag wingking. Poen Far.

Goeroe-goeroe Katoelik ing Moen-tilan toemoet njaékaken Grija Sakit ing Moentilan. Pangagenging Grija Sakit Katoelik ing Moentilan sampaen tpi arta f 200, — saking goeroe? Kat. Djawi kanggé ngwontenaken hoogte zon-lan bestralings-lamp. Proficiat! Nanging déring saged sambet kalijan Aniem, margi

sakedik paédahipoen; awit kenging dipoen-glédañ poenapa!

Financie.

O. G. P. Oe. saking poendi ang-salipoen jatra, lan sapinten, pé-tanganipoen, angé. Ingkang sampaen tjeta, i. p. angsal assignatie - negari; barang - barang peteng ingkang dipointangkep wonten ing tapel-wates; séwan grija, ingkang dipoenenggén-poenggawanipoen; saking koperasi-koperasi; saking drukkerij lss.

Ing ngriki namoeng oebeting artanipoen Pintan mantja negari (Buitenhandsche Afdeeling I. N. O.) ingkang badé kaandarakken sakedik. Arta ingkang katampi warni dollar. Ngadjengaken woelan Oktober I. N. O. nedani para wawakilipoen rantjangan wragad - wragad. Jén sampaen nglempak, ladjeng dipoen-wonten begrooting; lan begrooting waoe kakintoenaken dateng Bureau Politik, nanging kadamel wadi. Dados boten kasoemeraen ing

wragad! Wie A zegt, moet ook B zeggen!

Sakolahan "St. Melania ing Djakarta. Mitoeroet pratélan taoenan 1930 sekolahaniipoen St. Melania ing Djakarta katingal njenengaken.

St. Melania waoe gadah sakolahan kalih; ing Kebon Djeroek lan Gang Tengah. Ing Kebon Djeroek tjatjahing moerid ing taoen 1929 wonten 131; ing 1930 dados 174. Klasipoen wonten 5. Indaking moerid nedahaken jén Kebon Djeroek ambetahaken sakolahan. Béndjing Djoeli badé dipoeneweha saklas.

Dén ing Gang Tengah moeridipoen ing taoen 1929 wonten 80; taoen 1930 dados 94. Klasipoen wonten 3. Béndjing Djoeli badé angas tambahan saklas.

Ing sakawit pangreh St. Melania werk sami ngoewatosaken bab pdoenoenganipoen para goeroe-estri; nanging sampaenika sampaen boten gadah soemelang; amargi saking palimirmaniipoen para Soester ing Kramat (kanggé Gang-Tengah) lan Noordwijk (kanggé Kebon Djeroek) ingkang sampaen soeka pdoenoengan dateng goeroe-goeroe-nipoen estri St. Melania.

Retrét ing Ambarawa: Mriksanana advertentie!

Kabar seneng.

Amberkahi Grédja Roomsch Katholiek ing Poerwosari kawal Poerwadi (Bagelen). (Saking pambantoe Sw. Tm.)

Nalika dinten Kemis Paing tanggal 14 Mei 1931 kaleres dinten, mékrad Dalem Kangdjeng Goesti Jésoes ing doesoen Poerwadi wonten karaméan mberkahi Grédja.

Sadérèngipoen dipoenberkahi kinten-kinten kirang sadasa dinten goeroe missie ing ngriki (Poerwadi) dalah moerid-moeridipoen, poenapa déne tjiang doesoen ing Poewosari sami riboet anggénipoen badé madjeng, dame taroeb, njantoneo pager lan dame gapoera. Saking Grédja doemoegi radinan ageng kapadiang-padiang mawi kertas mantja warni lan gendera - gendera. Toemprapipoen ing doesoen inggih boten ngoetjiwani. Doemoegi manggih marji ageng tebipihööki kirang-langkoeng 300 m. ing marji ageng kasoenkano gapoera. Ing tengah mawi gambar Tyas Dalem moeroeb ing kretasan; ing ngandap dipoensoekani soerja sangkala "Gasti woe-ninga troesing Tyas". Ingkang mberkahi padoeka Rama pastoer B. J. J. Visser ing Poerwokerto linadosan Frater taoe saking Ngajodja I. Fr. Darmowijoto asli saking ngriki II. Fr. de Groot bangsa Walandi. Witwipeno kinten-kinten djam 9.30. Ingkang ngasta (ngoengekan) harmonium padoeka Rama pastoer H. Manesse Dirigent. Ingkang menjanji Zuster-zuster ing Poerwodjo goeroe estri lan moerid-moerid H. I. S. estri ing Poerwodjo.

Taoe ingkang sami rawoeh: Bendara Kangdjeng Koetoardojo sakalijan, bendara Wadana Poerwodadi ing rikoe sakalijan, Meester Koesnoen sakalijan, Zuster-zuster, broeder - broeder, goeroe-goeroe missie ing Poerwodjo samoeridipoen, toewan-toewan pabrik inggih katab, mantri goeroe seko-lahan angke kalih ing Woenoet oegi boten kantoe.

Rampoeng mberkahi, Rama pastoer Manesse ladjeng lesing toemoedoe dateng tjiang ing rikoe; basanipoen tjara Djawi. Ing atasipeno Rama waoe déring dangoe wonten tanah Djawi (Poerwodjo) kedaling lidah (paketjapanipoen) inggih sampaen loemajan.

Rampoeng lesing Imam metoek Sakramen Mahe Soeti dateng marji ageng.

Ragi sawatavis dangenipoen Sakramen rawoeh mawi motor saking Poerwodjo kaampil Padoeka Rama Pastoer M. de Lange, teroet katampi padoeka Rama pastoer Visser.

Ingkang sami ngamping - ampingi toeroet marji alit sami djéngkeng. Lontjeng ing Grédja kataboeh ngganter ngantos Sakramen doemoegi ing Grédja.

Rampoeng lof Padoeka Rama Visser voor-dracht mawi basa Walanditakih mangameng kaprabon. Rampoeng poerdrab, Rama pastoer Visser loekar kaprabon, ladjeng manggih tamar. Mawi seghaan sroetoe limoen lan toja walandi. Sinjo tamoe saking pabrik Djener ribot anggénipoen motréti.

Boten dangee sadérèk Dwidjooetomo ma-djeng poerdrab ngandarakken babadipoen agami ing doesoen ngrikoë. djalaran pijam-

CORRESPONDENTIE.

Abn. 369. Kita sampaen tpi kintoenoen poenika. Noewoen! Anggénipoen boten kabéh saking poenika, perloe ngirid papan. Awit jén sadaja pambajaran kapatjak, badé ngebak - ebaki papan. Amd. Djagabaya; Aquina Tama; D. J. S. M.; Lontjeng Klt.; R. Ph. B. Kita matoer noewoen paringipoen soembangan! Koetjiwanipoen anggénipoen dateng radi kasép. Sampaen dodos panggalih! Red.

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

REGENTEN - CONFERENTIE.

Kamlaratane kawoela.

Ngadjengaken tengah - tengahing taoen 1930 pangaosing barang goe-permèn waoe sampaen mèh dados f 7.500.000.

Kawontenan makaten poenika dados titikan ageng, bilih artanipoen tijang sampaen sami telas.

Kawontenan poenika, poenapa boten angesar-esari? Poenapa boten dados manahipoen para panoentoen, kados-poensi anggénipoen mados-aken poepoelih?

Gandèng kalijan kawontenan ingkang ngesar-esari poenika, ing kon-prénsi waoe ladjeng wonten pitakénan: soeraosipoen: Kaprijé bakal panénan ing taoen 1931 iki? Apa regané importartiken ing padésan oega moedoen? Apa saja akéh sing dadi pangané lintah darat? Leboening padjeg kaprijé? Apa wong-wong tijlik ija krasa dajane malaise ing panggaotan - panggaotan Éropah? Apa ija pada amboedidja bisan oléh poepoelih soedaning pametoe, iki, enz. . .

Pitakénan-pitakénan poenika, pan-tés sanget kagatosaken ing nagari toewin tijang katah.

Ing ngriki koela amewahi, saja rekaosing kantja alit, margi woeloe wedaling sitinipoen andap sanget reginipoen.

Manoet tjetetan reregèn waoe makaten:

Désember	1929	1930.
Pantoen	f 4,53	.. f 3,37.
Wos no. 2	f 11,40	.. f 8,98.
Djagoeng no. 2	f 5,07	.. f 2,89.
Katjang ontjékan	f 11,97	.. f 9,70.
Kedélé tjemeng	f 9,45	.. f 7,38.
enz. . .	enz. . .	enz. . .

Lan reregèn waoe, sadinten poenika saja mlorot malih.

Ningali kawontenan poenika, poenapa anggoemoenaken manawi pangarsa Raad Kawaela kala noetoep parepatan ing Raad Kawaela ingkang kantoe poenika mawi mahjakaken:

"Zoo is de toestand van thans be-reikt: Indië is nu een land van belefte meer, het is een land waarin teveel verwachtingen zijn gewekt.

Kadengipoen: Indonesia saiki doe-doe tanah kang kena djinagakaké; Kakéhan enggoné wong ndjagak-ndjagaké tanah Indonesia."

Kumuningsaselé 17 Mei 1931.

Taklim:

Patjar Merah.

Retrét kanggé Goeroe-goeroe Wanita, papan: wonten ing Internaat Zusters Franciscanessen Ambarawa.

Tapoekipoen: 25 Djoeni '31, sonten. Rampoengipoen: tanggal 29 Djoeni én-djing.

Wragad: f 3 (tigang roepijah).

Basa: Djawi.

Ingkang ngarsakaken toemoet, soe-pados pratéla dateng Pangagenging Internaat Ambarawa.

Kasép - kasépipoen doemoegi tang-gal 15 Djoeni 1931.

MOEDER CORONA.

amplop, dipoenlak lan dipoenadrési dateng wewakil (nama pendeta); mawi dipoenembé-embé: "moeng yang diseboet ing adres, kang kena mboekak lajang iki." Serat amplopan poenika ladjeng kalebetaken ing amplop malih. Amplop ing djawi dipoenadrési dateng consuel oetawi oetoesan (gezant). Consuel oetawi oetoesan waoe ngertos sesingloning wawakil. Jén tami serat kados makaten, kedah énggal ngladjeng-aken.

SEKOLAHAN

KAMADJENGANING PANGA-DJARAN ING INDONESIA.

(Kaserat mligi kangé Swara-Tama).

Para maos temtoe taksih kénégetan dateng andaran koela babagan idam-idamanipoen sang kalokéng rat BERNARD OVERBERG ing atasing babagan pangadjaran. Makaten oegi sanget genging tarima kasih koela dateng sadérèk TRENGGA-NA déné sampoen karsa maringi papadang bilih tjita-tjita BENARD OVERBERG waoe éstoñipoen sampoen wiwit taoen 1541 katanén déning para ngelama toewin para poetrarung iboe Pasamoewan Soetji, bangsa Portegis. Makaten oegi dipointerangan bilih de baanbreker prakawis ngadjengaken pangadjaran ing tanah Indonesia inggih poenika pandjenenganipoen ANTONIO GOLVANO.

Bangsa Portegis kalijan prakawis pangadjaran ing Indonesia patoet piñégetan. Tandoekipoen paréntah Portegis kalijan bangsa Indonesia djaman samanten pantes piñégetan. Dwoeh dalam Sri Nata Pandita PIUS V dateng pandjenenganipoen Nata PORTEGIS pantes sinerat mawi aksara kentjana.

Bangsa Portegis kalijan Katholieck Onderwijsipoen pantes kinépekan ing para poetrarung tanah Indonesia.

Nanging: Donja boten langgeng. Bangsa Portegis saweg badé katingal lalabetanipoen, saweg badé angsal margi menggahing anggénipoen badé nindakken roepingipoen, djeboel kapeksa nilar tanah Indonesia kanti arawat waspa, boten téga nilar kebon anggoeripoen Sang Kristoes ingkang saweg wiwit kenging kagrap.

Bangsa Portegis nilar tanah Indonesia.

Bangsa Portegis sampoen nedah-aken katesnaniipoen dateng bangsa Indonesia.

Bangsa Portegis sampoen nindak-aken kowadujibaniipoen ing atasing dwoehing Pangéran. Missie actienipoen bangsa Portegis pantes ti-noelad.

Bangsa Portegis dipoen - gentosi Koempeni. Ngantos doemoeginipoen sapriki.

Koela boten badé ngrembag wontenipoen prakawis politiek, padaganan lss. Ing riki ingkang badé koela atoeraken prakawis ingkang magepokan kalijan pangadjaran. Ing sakawit koela namoeng badé ngatoeraken babépoino kémawon. Embén-embén wingking wawasan koela babagan poenika.

Koempeni nampéni Indonesia saking bangsa Portegis.

Nalika Koempeni ngentositi tjiang Portegis, ing poendi - poendi papan ingkang dipoenambah poetraning Missie, poetraning Vaticaan, kapanggih papan "pergoeroean." Ing poendi - poendi panggénan kapanggih pamoelangan - pamoelangan jasan-ipoen bangsa Portegis,

Babagan poenika ameksa dateng Koempeni nroesaken prakawis onderwijs-actie. Temtoe kémawon di-pontata mawi kadjengipoen Koempeni. Dados boten kados idam-idamanipoen éjang "Bernard Overberg" ingkang dipointindakken déning bangsa Portegis.

Pangadjaran gagrag kilénan ingkang roemija pijambak kapanggih AMBON.

Nalika abad 16 ing rikoe sampoen

wonten pamoelangan Portegis ingkang ing saladjengipoen dipointerangan.

mBokmanawi inggih wiwit moendoeripoen bangsa Portegis poenika datengipoen bangsa Protestant Welandi dateng tanah Indonesia ingkang oegi ladjeng ngadani prakawis pamoelangan.

Ambon kalebet dados centruming kaeom Protestant.

Bangsa Protestant manoet boekoenipoen Dominee Danckaert ingkang atitel "HISTORISCH VERHAAL VAN DE STANDS DES CHRISTENDOMS" sanget welas dateng bangsa AMBON déné adabipoen taksih andap sanget. Prakawis andaping adab waoe ngantos ndjalaro boten saged madjenging pangadjaran wonten ing rikoe. Kala samanten bangsa Protestant waoe wonten ing rikoe sampoen wiwit moelangaken basa Walandi. Nanging angsal-angsalaning woh sanget boten njenengaken, kabekta saking angéling basa waoe. Ing th. 1618 pamoelangan waoe sanget moendoer. Pangadjaran waoe boten dipoenadjengi déning bangsa Ambon, awit pangadjaran waoe boten mbekta boeah toemraping angsal padamelan oetawi pangkat ingkang langkoeng tinimbang waoenipoen.

Kangé pados pangoepa - djiwa dateng wana, boten wonten goenaniipoen babar pisan. Pamoelangan waoe wekasanipoen dipoenbanggoen malih, dipoendandosi déning Dominee DACKAERT kabantoe déning djéndral J. P. Coen. Makaten oegi pamoelangan waoe tami pambijantoe awoedjoed arta saking Koempeni. Wiwit poenika wonten moerid sawatawis ingkang radi djenak anggénipoen sinaoe. Sareng sampoen medal moerid - moerid waoe wonten ingkang ladjeng kadadosaken goeroe, oetawi toemoet mbantoe para Dominee. Wiwit poenika prakawis pangadjaran ladjeng radi wonten madjengipoen. Wiwit toe-moeler dateng sanès panggénan, oepami ing Minahasa lan Timor. Manoet tjetetan ing "KITAB PERINGATAN HINDIA BELANDA" ing tengah - tengahing abad 17 laré ingkang sakolah ing Ambon kémawon sampoen wonten 1.300.

Para maos priksa pijambak bilih prabawaning Koempeni inggih boten langgeng wonten ing tanah ngriki. Saja dangoe saja ngalémpréh iberipoen. Temtoe kémawon prakawis pangadjaran ingkang saweg wiwit kabangoen waoe inggih tomoek korat-karit.

Saambroeking pangoewaos Koempeni, makaten oegi saontjating pangoewaos INGGRIS saking tanah Indonesia ing th. 1816, ladjeng dipoen gentositi Paréntah Welandi, ingkang oegi ladjeng nroesaken prakawis pangadjaran ingkang sampoen wonten. Langkoeng-langkoeng ingkang wonten ing Ambon. Ing wekdal waoe inggih dipoenadjengi jakarn arta ingkang mligi kangé ngadjengaken pangadjaran. Ing salabeting 20 th. tjetahing moerid ingkang sinaoe ing Ambon lan sadajahanipoen wonten 6.650. Wohing pamoelangan waoe sanget boten njenengaken. Awon. Boten madjeng. Nalika samanten inggih sampoen wonten papan kangé nggoela-wentah tjiang goeroe.

Th. 1834 Dominee ROSKOTT mbikak pamoelangan tjiang goeroe. Let 20 th. malih oegi kaedegaken ing Minahasa. Kaoem Zending lan

tepangan poenika perloe senget, poenapa malih kangé sadérèk kita ingkang toenggil agami katholieck, toenggil iboe P. Soetji, Iboe Dèwi Mariyah lan toenggil pangèn.

Poenapa malih kangé golongan kita, ingkang tjetahipoen saweg sadé-kedik, kedah noenggil katingal roekonipoen.

Kados-poendi sagedipoen tepang saé, sagedipoen ngraketaken sadérèk, manawi kita boten asring sesrawoengan?

Manawi sadérèk kita sadaja roeket lan roekoen, sanadjan golongan alit, dateng manah teteg, mantep anggénipoen nglampahi koewadibjianing agami lair lan batos. Sarta nindakken pandamelan saé sarwa gampil, rembag saged goemolong.

Kita sadaja sampoen pirsa bilih semoet poenika kewan ingkang alit sanget. Samangsa angsal mamangsan ingkang ageng, boten katjonggah ambekta mamangsan waoe. Ladéng pados pitoeloenganipoen semoet kantjanipoen, woesana kanti gampil anggénipoen ngangkat mangsan waoe, andadosaken sakétnipoen.

Makaten oegi toemrap kita, jén nglampahi padamelan ingkang awrat teor angé, boten saged kaangkat piyambakan, sagedipoen sarana ang-

Pamaréntah saged njamboet damel sasarengan; kabekta Pamaréntah nraos perloe sanget tami piteloeloeng saking kaeom Zending, gagaoetan kalian rantjangan tjalon kangé njampeti kabetahaning Pamaréntah saja dangoe pantjén saja mbetahaken dateng tjiang ingkang saged njerat lan maos. Dados Pamaréntah dapoer kaleresan angsal pambijantoe saking kaeom Zending. Pamaréntah inggih mbantoe, soepados énggal saged ngoendoeh wohipoen i. p. saged migoenakken baenipoen si INLANDERS ingkang saged njerat lan maos kala waoe, tjalon kadadosaken antékipoen.

Th. 1854 reglement medal ingkang nerangaken bilih Pamaréntah lan kaeom Zending badé adjeg njamboet damel sasarengan kangé ngadjengaken pangadjaran. Makaten oegi ing wekdal poenika Goepermén inggih nerangaken bilih nganggep perloe wontenipoen pamoelangan ingkang boten tjampoer tangan kalian prakawis agami, alias pamoelangan nétral. Makaten oegi Pamaréntah inggih ladjeng, jasa pamoelangan goeroe.

Sadérèngipoen ngladjengaken rembag bab poenika, perloe kita ngéngerti bilih pangadjaran ing wekdal samanten taksih sanget ing andapipoen. Tambel boetoeh! Kaoem Protestant melangkahkan Onderwijs actionja, nggadahi toedjoe kados déné bangsa Portegis. Koempeni makaten oegi goepermén Welandi ngawontenaken oetawi mbantoe dateng babagan pangadjaran, djalaran koempeni oetawi goepermén Welandi perloe nganggé baoenipoen anak Inlander ingkang saged ing sastra, soepados pandamelanipoen Goepermén ingkang saja dangoe saja katah sanget bérés. Dados goepermén Welandi waoe anggénipoen pengadjaran adedasar ngéngerti kabetahan diri sendiri. Babagan poenika kados sadaja poetra Indonesia boten kakilapan.

Doemoegi samanten roemijn.

HERCULES.

SOEMBANG TOEMOEDJOE DERMA.

Nalika dinten Setoe 9 malem 10 Mei 1931, sadérèk Dj. ing Dermarsi (Soesoekan) regentschap Banjemas, kagoengan damel soepitan, mawi moepoe soembang, badé kangé wragad adegipen sakolahan H.I.S. lan Schakelschool Taman Siswa ing Soesoekan; ingkang nampéni soembang waoe, comité Taman Siswa.

Kadjawi poenika ing rikoe dipoen-wonten sesadéan barang - barang damelanipoen moerid - moerid; lan B. O. Banjoemas ndasaran loerik, nangans wonten sadérèk 15 san ingkang boten oeman.

Mengah angsal - angsalanipoen pasoembang wonten f 120, loemajan. -

Oepami sadérèk kita Katholieck, langkoeng - langkoeng ingkang dalemipoen tjaket lan kantja Katholieck sanésipoen, sami roekoenan saben woelan nglampakken derma sakadaripoen, kangé mbantoe "Trijasa", saiba saénipoen.

Lengganan no. 205.

ÉKONOMI.

LADJENG KADOS - POENDI?

Kita sampoen maos paringipoen katrangan oet. wangsoelan sawatawis saking soemitra ingkang ambek welas M. Andaja ing W. kadjéreng

sal pitoeloenganing kantja - kantja sanès.

Wonten paribasan: „Roekoen agawé santosa, tjongkrah agawé boebrah.” Poenika pantjén leres sanget.

Mila ngawontenaken pakempalan pijambak poenika perloe sanget. Perloenipoen:I. Soepados sampoen ngantos kakatahan kempal lan kening kagéndeng tjiang sanès agami, ngantos alitipoen soepé aenggipoen njingkoer daten g K a t h o l i c k o p e n .

Sampoen ngantos angsal toelada awon, kadosta: toelada ingkang nradjang kasoesilan lan kaeotamén ingkang saged andadosaken tiwaspoen. Dados pakempalan waoe, srana andagi sagedipoen lestantoon saé.

Saged nanggoelang barang ingkang kirang prajogi.

II. Saged mitoeloengi kantja ingkang sampoen kembang anggénipoen nglampahi wadjib. Anggampilaken anggénipoen soewita dateng Goesti, andajani kasoesilan dateng salira saé nama K a t h o l i c k i n g b a l o e n g s o e n g s o e m .

Andagi kawiloedjenganipoen para koelawarga, garwa poetra, sadérèk kath, sanès lan sadérèk Djawi sanésipoen.

Saged nenaik manahing tjiang

ing taman Sw. Tm. no 17 lembaran II, lan ing Sw. Tm. no 18, ingkang minangka wangsoelaning karangan koela ingkang asesiran: DAGANG T. H. NDJINGKAT ing Sw. Tm. no. 14 lan: PAMEDAL SITI ANGREM ing Sw. Tm. no. 15 lembaran alit.

Margi poenika koela matoer noe-woen dateng M. Andaja ingkang sampoen kersa manggalih karangan koela.

Saja ageng manah koela sareng M. Andaja nglantarkan kabetahanipoen Grabagan dateng sang kaloka saedara P. S. A. lan sagah badé tansah maringi wangsoelan saldjengipoen srana katjampoer ing karangan - karanganipoen (kasbat ing djawaban II ing Sw. Tm. no. 18).

Pantjén, pangadjeng-adjeng koela moegi karangan koela kasbat ing nginggil dadaso panggalihanipoen para djempolan ingkang damang prekawis poenika.

Mila saladjengipoen koela tansah ngentosi, kandos - poendi mengah rembagipoen para djempolan, ing atasipoen geval ing Grabag (babah Kaw. Grabag) waoe.

*

Kotjapa. Kalat tg. 5 of 6 Mei taoen poenika, koela mireng saking M. L. ing S. jén pijambakipoen mentas dipoenadjeng omong satoenggiling djoeragan bangsa Tiong Hoa Tmg. Tiong Hoa waoe tjarios jén pijambakipoen tampli serat satung djoeraganipoen, soeraosipoen soeka soemerep jén panili saking pijambakipoen kasimpen wonten ing negati Walandi ndjeploek oet. dadas risak; kapitoenéniipoen f 8000 + f 3000 = f 11000 (zegge: sawelas éwe).

Margi saking poenika djoeraganipoen waoe badé neda lintoening kapitoenéni waoe anggénipoen pengadjaran adedasar ngéngerti kabetahan diri sendiri. Babagan poenika kados sadaja poetra Indonesia boten kakilapan.

Gagaoetan kalian poenika, Tiong Hoa Tmg. ladjeng damel serat dateng M. L. ing S. (katampi kala tg. 8-5-31) soeraosipoen neda woerenging kasagahanipoen, anggéneng badé noembas panili ingkang tjalon kaeoendoe. Wontené mandjer ingkang sampoen kalebet wonten ing M. L. ing S. katahipoen f 375 trimatitjat.

Manga para maos koela atoeri njetitkaken lelampaahan ing nginggil poenika!

1. Poenapa omongipoen Tiong Hoa waoe njata? Poenapa goroh?

2. Poenapa namoeng badé kangé gaman, soepados panili - panili bawah Grabag kasadé mirah sanget, saadengipoen ingkang noembas?

3. Poenapa kangé njobi kados-poendi karosan kita manawi tanpa bangsa T. H.?

Kados-poendi soewaranipoen makaelar ing beurs prakawis poenika?

Jén nitik tjoelikanipoen soemitra M. Andaja saking kabar padagangan ingkang dipoenletteri C ing wewahan wangsoelan (djawaban) II bab Pamedal siti angrem; koela setengah ngandel jén njata, omongipoen T. H. waoe. Margi ing letter C waoe oenglipoen; bab panili sepen, boten wonten kabar. Sige. mangsoeli nginggil.

Djoeragan ageng oet. handel toembas panili saking djoeragan T. H. ing Tmg. Lha T. H. Tmg. toembas saking paman tani ing bawah Gr. Sepriki (doemoegi titi mangsa poenika) sampoen satajen dangoenipoen. Kalo samanten panampinipoen takih saé. Woesana sapoenia poen han-del tjarios dateng T. H. Tmg. jén panilinipoen risak, dados neda lintoing kapitoenéniopo.

—

Poenapa sampoen samestinipoen jén handel toeni, neda lintoe kapi-toenéniopo dateng djoeragan?

Poenapa bab risaking panili waoe boten margi lepating panggarap oetawi panjimpen wonten ngrikainipoen?

Waoenipoen taksih saé, sareng sampoen katoembas sah, let sataoen tjiros jén barangipoen awon, kawatakan: "Barangmoe (panilimoe) palsoe, tandané bareng tak simpen noeli roesak mangkéné. Kaétoeng kapitoenankoe saméné. Djalaran sa-ka ikoe jén kowé ora gelem ngidjoli kapitoenankoe ikoe maoe, kowé mesti tak soewoenaké pangadilan." Kinten-kinten poenapa inggih makaten?

Wangsoel paman tani ingkang panilinipoen angrem; mangka samangké taksih teroës ngeopakara persilipoen, sanadjan boten kapeoerih ngréntjangi nglintoni kapitoenéniipoen djoeragan, sadjatosipoen malah kasoesahan. Djalaran sanadjan angsal jatra mandjer (ingkang kaitjala-ken) nanging tjalon pekewed anggénipoen badé njadé panilinipoen. Sabab: oepami tjiang mlampah mekaten, badé teroës mlampah pijambak dateng ing pangéngan ingkang ka-toedjoe dèrèng soemerep merginipoen; badé takén sarenganipoen, boten poeroen nedahaken; toer tjiang ingkang sagah metoek samangké kendel ing margi.

Hara ladjeng kados-poendi?

Ing riki tetijang ingkang gadah persil panili, kasrèmbét déning ko-djoeripen dagang T. H. alias toe-met ndjingkat.

Djago

„RERUM NOVARUM”.

Nawalanipoen K. S. Bapa Leo XIII.

PINENGETAN DÉNING P. K. W.

Kawontening djaman sapoenika.

Taoen 1931. poenika pantes wi-nastanan taoen kesrakat. Bab poenika koela sadaja sami ngalami pijambak, sami saged ngenjami pijambak kados-poendi pait getiripoen.

Ing poendi - poendi, ingkang kapi-reng namoeng ngeres - eresi manah pasambatipoen tijang sami pados pangoepa-djiwa.

Ingkang panggesanganipoen dada-gangan, asasambat boten pepadje-gan, ingkang krija saha manggaota, sambat boten wonten pandamelan; ingkang bakoe tatanèn, boten saged njadé woeloe wedaling pasiténipoen; wasana namoeng sami mbrebes meles, margi saking kekirapan.

Maëwoe - éwoe, majoepta - joeta, tijang ingkang panggesanganipoen bakoe namoeng saking beberah, kapexsa sami kaloejoeran nganggoer, doemawah ing kesrakat.

Nanging kosok - wangsoelipoen, wonten ingkang oera - oera, énak-énoek, tengoek - tengoek ngadep banda toempoe - toempoe boten mawi noléh ngiwa - nengen.

Bangsa lintah daratabingah - abi-nah, roemaos kalegan anggénipoen badé áinindakaken pakarjanipoen.

Para pradja ingkang pantes bina-pa - bapa, angajomi dateng para kawoelanipoen, ingkang sami nan-dang kekirangan, sami katipoehan pijambak anggénipoen badé njam-peti kabetahanipoen. Dalasan pradja Amérikah, ingkang sampoen kawen-tar kaloka ambanda, meksa boten saged ontjat saking djaman kesrakat.

Pradja Ditslan ingkang saweg badé goemarégh, margi mentas kapidara kinroebot ing mengsa, kasambet ing kesrakat, coemawah malih goelangsan, asesambat sa-net kesrakatipoen.

Tiongkok dèréng tentrem-tentrem, sami tjetjongkrakan gégérán, meng-sahan sami bangsanipoen pijambak.

“Dadak pradja Sepanjol, njelanjela, wonten laladan ingkang nganéh - anéhi, Sang Praboe lolos atilar pradja, djer roemaos sampoen boten dipoensoejoedi ing para ka-welaniopoen.

Ing Roeslan wonten lalampahan, pandjedeloipoen Sang Batara Kala, kiprah ngoembar kamoerkanipoen, anggega sakarsa prijangga, angogo-da, ngaroe biroe damel reretoe, soemedya ngobrak - abrik isining donja, mbibrah ngroesak pranataning pradja, pranataning agama, saha ka-soesilan manoengsa, mbibrah tijang sami bebrajan, bebrajan, asoesembar nedya angeloen ngoen-tal donja.

Kados makaten, kawontenaniopoen ing donja ing taoen 1931. poenika; namoeng koela katingalaken sage-bjaran, amoerih katingal tjeta, (ac-tueel) tanda tjeriring panggesanganipoen bijang, ing djaman sapoenika.

Ing rikoe katingal tjeta, bilih do-nja poenika kawontenaniopoen babar-pisan boten kénging winastanan redja ratjak panggesanganipoen tijang (welvarend).

Tanah Amérikah, ingkang sampoen katjarijos dados pangoengséning bangsa mawarni - mawarni, sadja-tosipoen dèréng nama redja, ratjak sami sakéja gesangipoen. Anang-ing tjkap-tjkap botenmekakat, ingkang mlarat, mlarat kesrakat.

Ing Éropah sabakdanipoen sami andon peperangan, gesangipoen tijang sakalangkoeng rekaos; saja-ing Ditslan tijang anggoeran klo-ejoeran majoepta - joeta, sami kesrakat doemawah ing papa.

Ing tanah Tiongkok Sepanjol, sami wonten kraman. Ing Roeslan kenging winastanan wonten wolak-waliking djaman, bebasan: „Djaman édan, ora mélöe édan ora kadoeman”. Pangoewaosing pradja, rinebat Sang Batara Kala, ambeg moerka, deko-era, adamel kisroehing tijang gesang; ambibrah pranataning pradja, agama toewin tijang babrajan (huisgezin). Para kawoela babar pisan sami boten gadah kalonggaran kamardikan. Panganggepiopen pradja dateng kawoelanipoen, boten

béda dateng kewan, ingkang boten gadah boedi pikiran, roemaosipoen kenging kapernata sakarsa - karsa.

Ingkang dados djalaranipoen.

Ing tanah sanès-sanèsipoen mèh sami kawontenaniopoen, namoeng oenda - oesoek kémawon.

Ing taoen poenika pantjén kes-a-gebet, anangging sampoen nginten, billih wingi - wingi boten naté kados makaten poenika.

Saleresipoen sampoen kapara da-noge, donja poenika nama sasakitan, sapoenika poenika kenging kawas-tan sanget - sangetipoen.

Menggali ingkang dados djalaranipoen: wiwit djaduhan abad ing-kang kaping 18, donja poenika kaledutan ratjoen ngélmoe panasaran warni-warni.

Ratjoen waoe ingkang moetawatosi pijambak, inggih poenika ngélmoe Liberalisme.

Ngélmoe poenika boten namoeng adamel kisroehing tijang pados pang-gesangan kémawon (economisch), oegi damel risaking Agama, saha pranataning pradja.

Ing babagan Agama, Liberalisme boten ngakeni pangoewaosing Agama sarta moemoeling dateng karmardikan. Sadaja Agama kedah pisah saking gesang sasarengan (burgerlijk leven), katjéa saking pitemboengan, „L' état est athee.”

Ing babagan pranataning pradja, ngélmoe Liberalisme ngoegemi, bilih manoengsa poenika mardika, saha sami sadaja. Pangoewaosing pradja, asil boten saking Goesti Allah na-ning loegoe damelan manoengsa. (menschelijke overeenkomst, mitoeroet. J. J. Rousseau).

Ingkang gagajoeatan kalian pang-gesanganipoen manoengsa, Liberalisme moemoeling, bilih toemraping pados panggesangan manoengsa, poenika kedah mardika sanget ing-sakdjeng - kadjengipoen. Wawaton saking piwoelangipoen: Rousseau kalian Vincent Cournay (*):

a) „manoengsa ikoe kodraté betjik, apa karepé ija betjik” (Rousseau);
b) „Laissez faire, laissez passer - sak-kérah - kéráh manoengsa ikoe nengna waé, sak-dadi-dadiné.”

Dalasan Negari boten perloe toe-met-toemoet ing babagan lampah-ipoen tijang pados pangoepadijawa. Negari namoeng kedah ngawat-awati, kados déné poelisi, toer woedjoedipoen Negari poenika na-moeng kados boedaking kawoela.

Manawih Agama sampoen oewal saking gesang manoengsa, mangka pikadunganipoen manoengsa ka-mardikakaken tanpa watesan, mi-toeroet lampahing kodrat, toewin sami namoeng mboedjeng betahi-po-en pijambak - pijambak, boten merdoeli dateng kasoesilan, tamtoe kémawon anggénipoen sami pados panggesangan, ladjeng kados déné sami rebatan „Singa oléha”, boten katalah bédanipoen kalian kewan ingkang rebatan teteden, boten mawi boedi tepe-tepa. Bedjanipoen ingkang rosa ing sadajanipoen, angsal-angsalanipoen katah; ingkang dasar ringkikh, sekedit pandoeman-ipoen. Andjalari ingkang tjkap, tjkap botenmekakat, ingkang mlarat, mlarat kesrakat.

Djamanipoen tijang sami roe-koen - roekoën, babrajan njamboet damel awoedjoed pakempalan, mawi dadasar agama (gilden), sampoen bibrah gantos sipat; sami silah-silah, amboedjeng gesangipoen pijambak-pijambak, watoen katjépeng betahi-po-en. Antjasing ngagesang namoeng mboedjeng dateng kadonjan, énak-kapénak, ora ngrekasa, soegih banda.

Saja sareng modèl mawi industrie-industrie, ingkang rosa-rosa, moerih katalah angsal - angsalanipoen, woedjoed pangdamelan katingal silah - silah sanget; ingkang bakoe gadah banda, banda, ingkang berah, berah. Ratjak gesangipoen kaoem berah, goemantoeng sanget dateng koweaosing banda, ingkang boten

* Zie J.D.J. Aengenent sociologie.

(*) Zie mr. A. Tepe 1e. deel. Volkshuis-houdkunde.

mawi tepe-tepa, ngantos woedjoed-ing bangsa berah boten katah si-wahipoen, kalijan batoer toembasan ing djaman kina.

Tatanan pradja ingkang pangoewaipoen loegoe damelan maneoengsa, boten asli saking Maha Kawasa; gampil pambibrapiroen, saha pambangoenipoen, andjalari wontenipoen revolutie mawarni-warni.

Ing saréhning kadonjan kanggé nomer satoenggal, minangka ant-jasing ngagesang, toer manoengsa sami kémawon, ladjeng katah ingkang boten kedoeman banda, ingkang angsal namoeng tijang sawat-wis; tamtoe kémawon ngawonten-aken kemérén, katah ingkang roe-maos boten angsal kemareman.

Kapasang jogi déné wonten toe-kang remen ngodjok - odjoki, inggih poenika ngélmoe Socialisme minggahipoen dateng Com mun i s m e. Ngélmoe poenika inggih ambabajani sanget ing ngatasing tijang ngagesang. Toemraping Agama kalian Liberalisme sami nasar-ipoen toer namoeng kantoon noem-pangi tok. Socialisme boten ngawontenaken Goesti Allah, pamang-hipoen: sadaja poenika ingkang wonten namoeng barang wadag. *) (materialisme).

Ing babagan panggesangan, the-orieneipoen pantjén mènginaken, dasar katah ingkang sami kaderenan manah kemérén boten angsal kemareman. Inggih sinten tijangipoen, ingkang boten ladjeng kapéntoet. Menggali pikadunganipoen kirang langkoeng makaten, anggénipoen ngimbing-imbing dateng manoengsa: „Donja iki kahanané ora tata, ora redja, sing soegih - soegih, sing mlarat - mlarat, sing marahi wong sing mbanda - mbanda ikoe. Ngadili saiki sama rata sama rasa, kahanan koedoe diboebrab disik. Jén wis, kabéh ora wenang doevel banda, kabéh dadi doevelé wong akéh; (gemeenschap), sing mranata kabéh nagara klawan ngadil. Nagara doe-madiné dipilih wong kabéh (alg. stemrecht). Kaboetoehané wong-wong disangga nagara, ditjadong apa boetoehé samoerwat lan pang-gawéjané. Jén mangkéné kahanané donja mesti bakal redja, ora ana sing soegih ora ana sing mlarat, kapénak kabéh.”

Poenika ngélmoenipoen Socialisme. Kados-poendi dajanipoen toe-mrap ing donja, pandjenengan saged njipati pijambak, ing sakiwa-tengen pandjenengan, langkoeng-langkoeng ing tanah Roeslan, pandjenengan ngertos pijambak kados - poendi dadowipoen. Sosoembaripoen Communisme, badé ambibrah donja, soemedya kagantos sipatipoen mitoeroet ngélmoenipoen.

Pambahangoing donja - djampi-nipoen - Rerum Novarum.

Poenapa inggih badé kalampahan, donja poenika binangoen manoet-sipat; sami kraos sadaja. Nanging kados-poendi pambahangoenipoen.

Ing taoen 1931 poenika taen kesrakat, woedjoeding donja sasa-ken, toer saweg sanget-sangetipoen; kaleresan, déné sampoen wonten djampinipoen inggih poenika Saloegoenipoen djampi poenika

RERUM NOVARUM.

wontenipoen sampoen dangoe. Ing-gih taoen 1931 Mei 15 poenika, Rerum Novarum, sampoen djangkep 40 taoenipoen.

Poenapa Rerum Novarum poenika? Ing ngriki koela boten badé ngandarakan sadaja poenapa isini-po-en Rerum Novarum (*) loegoe namoeng badé mèngeti Rerum Novarum, soepados sami èngéta sadaja, dateng wontenipoen R. N. waoe; saha ladjeng sami katindakna kae-tjakna! Voulez et faites! (Ziet en handel!) (**)

Ingkang perloe-perloe badé koela tjoeljipiki wosipoen.

Rerum Novarum poenika namaning Encycliek (nawala) ipoen Kangdjeng Santo Bapa Ing Roem, Leo XIII kawedarakken ing taoen 1891, bab prakewis kawontenani-poen tijang beberah njamboet damel.

Pandjenengan sampoen boten ke-tilapan, sinten ta. Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII poenika?

K. Santo Bapa Leo XIII inggih poenika Santo Bapa, ingkang ambeg pinandita, adil para marta, waspadा,

*) J. D. J. Aengenent-sociologie van Feuerbach.

(**) Commentaar op R. N.

(*) miskana Rerum Novarum Prof. 7. D. 7. Aengenent-swa Kardinaal mennisings Com-men-taar. Op de Encycliek Rerum Nova-rum Com-men-taar.

**) Commentaar R. N.

waskita ing réh, boten kewran dateng pangridoening mengsa, momot amengkoe reribeding donja, pantes binapa-bapa ing tijang sa-donja. Poenika sadaja tjoemeta wonen ing Nawala dalem Rerum Novarum.

Rerum Novarum poenika, prasasat njampoernakken nawalanipoen K. Santo Bapa Pius IX taoen 1864-8-December.

Wiwit kina makina mila, Pasamoean Soetji poenika tansah moelat momong kawontenaniopoen gesang-ing manoengsa, amoerih tata rahardja, sami moengkoel dateng Agama. Manawi wonten ngélmoe panasaran, ingkang magepokan kalian gesang-ing manoengsa, ingkang winengkoeing Agama, Kangdjeng Santo Bapa boten katalom-pén aparing pitedah sampoen ngantos keladjeng-ladjeng Nalika ndadosipoen Ngélmoe Liberalisme, ingkang moeroegaken tijang njingkoer dateng Goesti Allah, dateng Agama, sami mboedjeng betahipoen pijambak pados kado-njan, Kangdjeng Santo Bapa Pius, IX, ladjeng ngedalaken Encycliek „Quanta Cura” ing nalika. 8-De-cember - 1864.

Makaten oegi nalika taoen 1894 sareng K. Santo Bapa Leo XIII priksa kados - poendi kawontenani-poen tijang sami beberah, pados pangoepa - djiwa, ladjeng paring pitedah moerih saéning kawontenan poenika, saged poelih tata rahardja, kados ing soewaoenipoen.

Wosing isinipoen Rerum Novarum.

Mitoeroet padoeka Z. E. Hoog Gel. Heer Van Noort*) isining R. N. pi-nérang: 1e. Poenapa ingkang dados djalaranipoen reribeding donja (So-ciale Questie), 2e. Kedah boten di-poendandosi kados-poendi, 3e. Na-ning kados-poendi prajoginipoen: A. Pasamoewan Soetji B. Nagari C. Koewadjibaning tijang satoenggilipoi.

Makaten oegi nalika taoen 1894 sareng K. Santo Bapa Leo XIII priksa kados - poendi kawontenani-poen tijang sami beberah, pados pangoepa - djiwa, ladjeng paring pitedah moerih saéning kawontenan poenika, saged poelih tata rahardja, kados ing soewaoenipoen.

Saleresipoen serat kados déné R. N. poenika, boten mestinipoen dipoentjek wosipoen, babar pisan boten prajogi; saweg ngetok-ngetok oekara kémawon, pantjénipoen sampoen moetawatosi, poenapa malih ngringes, djer leresipoen R. N. ma-lah kedah kaeleroel, dinoedoet-doe-dot.

Anggén koela badé wani ngatoer-aken reringkesan poenika, namoeng margi saking kapeksa, ngatoeraken klajan tjkak, ngras ngrebat tjkap-ing papan. Wondéné ringkesanipoen R. N. poenika: Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII ngawoeningan, bilih kawontenan panggesanganipoen manoengsa, sampoen gantos sipat, silah-silah, mboedjeng betahipoen pijambak - pijambak, njingkoer ing Goesti Allah. Gesangging kaoem berah rekaos sanget, kosok-wang-soel kalijan bangsa hartawan. Ingkang makaten poenika, kedah éng-gal kapitoeloengen jektos. Kawontenan donja kedah binangoen kados waoe - waoenipoen. Tjara-nipoen ndandosi sampoen mawi tjaraning Socialisme. Awit Socialisme poenika nasar tjengkah lan kodrating manoengsa. Kedah dipoendandosi mitoeroet dawoeing Pasamoewan Soetji. Nagari kedah manah sanget dateng ingkang ringkikh, mlarat, langkoeng-langkoeng kaoem berah, poenapa malih manah dateng kawiloedjengan oemoem. Kaoem berah saha loelerahipoen kedah sami roekoen kekempalan ingkang dadasar agama, tepe-tepa tresnaing sasami, moerih kawontenaniopoen wangsoel, poelih kados ing soewaoe - waoe-nipoen.

Mitoeroet Kardinaal Manning pa-mérang isinipoen R. N. inggih ingkang tjkap - tjkap, ingkang mlarat mlarat. Bangsa beberah rekaos gesangipoen; ingkang makaten poenika, donja kedah binangoen, kedah poelih kados ing soewaoe - waoe-nipoen. Djampinipoen boten lija: Pasamoewan Soetji, pitoeloengan Negeri, kalian tandang koela sadaja. Poenika atas karsanipoen Kangdjeng Santo Bapa Leo XIII inggih wawakil dalem Sang Christus, kamot wonen ing R. N., inggih ingkang kita pèngeti ing taoen 1931 - 15. Mei poenika. Kita kedah boten namoeng ngèngéng - èngéng kémawon, namoeng kedah toemandang. Na-wala dalem boten namoeng kanggé simpenan, namoeng kedah dadaso toeroetan, paoegeran, antjer - antjer ing tandang kita. Kita kedah pidas, bilih Pasamoewan Soetji sam-poen dangoe ngemong, mengkoe donja, saladjengipoen inggih badé makaten, saged damel rahardjaning donja, boten badé kalindih ing mengsa, tamtoe badé oenggo